PSAT™ 10

Spring 2026

PSAT 10

Paper Test Directions

Translated into Haitian Creole for Students

Notes to the Proctor

Using this document on test day:

Distribute this document once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book. Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period. Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

IMPORTANT: *Students must not sign in to Bluebook on test day for any reason, including section timing. All timing MUST be administered by the proctor using the Paper Testing Script. Use of Bluebook will cause a misadministration and require a retest.*

Nòt pou Etidyan an

Sa ki suiv lan se yon tradiskyon enstriksyon siveyan ou an pral li fò yo, ansanm ak enstriksyon ekri yo ki nan liv tès ou an. Suiv an menm tan pandan siveyan ou an ap li entriskyon an anglè yo fò. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou an ap li an, tanpri leve men ou.

- Enstriksyon ki tradui sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou an li an, toutfwa, enfòmasyon ki apwopriye an rete menm bagay lan.
- Siveyan ou an gendwa sote kèk enstriksyon ki pa aplike ak sitiyasyon tès lan.
- Ou gendwa kenbe dokiman sa a sou biwo ou an pou tout tan tès lan men ou dwe tounen l bay siveyan an apre tès lan.
- Ou PA gendwa itilize dokiman sa a pou papye bwouyon.
- Nan plizyè fwa, siveyan ou an pral anonse tan ki rete an nan seksyon an, ansanm ak poz yo lè li apwopriye. Si ou ap pase tès ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo gendwa diferan ak kwonometraj ak poz ki sou lis nan dokiman sa a ki tradui an. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo.
- Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, siveyan ou an gendwa ba ou enstriksyon anplis an anglè.
- Yo sèvi ak ikòn nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:

Enfòmasyon enpòtan

Enstriksyon ou jwenn nan liv tès ou an

Tout tèks ki sonb yo endike enstriksyon siveyan ou an di.

Kontni

1 **Notes to the Proctor**
2 **Nòt pou Etidyan an**
4 **Byenvini**
5 **Enstriksyon pou Elèv ki gen Sèten Aranjman**
6 **Prepare pou Tès**
8 Enstriksyon pou Kouvèti Do an
9 **Modil 1: Lekti ak Redaksyon**
9 Enstriksyon pou Modil 1 Lekti ak Redaksyon an
9 Pou Elèv Ki Gen Plis Poz oswa Plis Tan
11 **Modil 2: Lekti ak Redaksyon**
11 Enstriksyon pou Modil 2 Lekti ak Redaksyon an
12 **Poz nan Seksyon an**
13 **Modil 1: Matematik**
13 Enstriksyon pou Modil 1 nan Matematik lan
15 Pou Elèv Ki Gen Plis Poz oswa Plis Tan
16 **Modil 2: Matematik**
16 Enstriksyon pou Modil 2 nan Matematik
18 **Ranvwa**

2

Byenvini

Byenvini. Jodi an ou ap pase PSAT 10, ki konsantre sou sa ou ap aprann kounya.Li se yon chans pou gade kote ou ta ka bezwen amelyore.

Anvan ou kòmanse tès lan, m ap li kèk enstriksyon epi mwen ap distribiye kèk livrè enfòmasyon pou ou revize epi konplete. Mwen ap ban ou tou nenpòt dokiman ki lye ak lojman nou yo. E si ou te pote yon kalkilatris, mwen ap asire m li akseptab.

Tanpri koute enstriksyon sa yo ak swen.

Si nou gen telefòn, mont entelelijan, oswa lòt aparèy ki entèdi, etenn yo epi mete yo sou kote kounya.

Sou biwo nou, nou ta dwe gen biyè koneksyon nou an, kreyon, yon kalkilatris ki akseptab ak yon kalkilatris rezèv, si nou te mache ak yo, epi nenpòt lòt èd pou tès nou gen apwobasyon pou itilize antanke aranjman. Asire n nou efase tout fòmil ki anrejistre apati kalkilatris nou an.

Si nou te mache ak ti goute, bwason, kouvèti kalkilatris oswa nenpòt lòt founiti netwayaj tankou dezenfektan pou men, tanpri mete atik sa yo anba biwo ou. Tanpri retire nenpòt lòt bagay sou biwo ou epi mete yo nan valiz ou yo devan oswa akote sal lan.

Ou ta dwe gen 1 fèy papye bwouyon tou, mwen ap ranmase l apre tès lan donk pa chire l. Ekri non konplè nou nan kwen anwo adwat la. Si ou poko gen yon fèy papye bwouyon, fè m konnnen kilè pou m vin bò biwo ou an. Kounya m pral mache nan sal lan pou konfime biwo nou yo netwaye epi pare pou pase tès.

3 Enstriksyon pou Elèv ki gen Sèten Aranjman

Siveyan ou an gendwa li enstriksyon ki suiv yo la ba ou oswa pèsonèl soutyen an. Sinon, yo ap sote pou ale nan Prepare pou Tès lan.

Pou elèv ki ap pase tès ak teknoloji aistans, siveyan nou an ap di:

> Si nou ap itilize teknoloji asistans ki apwouve, kounya li lè pou asire nou li ap fonksyone. Si ou te pèsonalize paramèt ou yo pandan pratik la, ou gendwa bezwen repete etap sa a kounya. Sonje, ou ka itilize paramèt ki entegre nan aparèy ou an.

Pou elèv ki ap pase tès ak yon lektè imen, siveyan nou an ap di:

> Lektè yo dwe li kesyon fò otan souvan yo mande yo sa. Li enpòtan pou yo li sèlman egzakteman sa ki nan tèks lan. Yo pa dwe elabore, menm si elèv lan mande l.

Pou elèv ki ap pase tès ak yon transkriptè, siveyan nou ap di:

> Transkriptè yo dwe ekri sèlman repons ak koreksyon elèv yo dikte. Yo pa ka ensite elèv lan nan yon fason ki ta ka debouche sou yon repons diferan. Transkriptè yo pral li repons elèv yo ba yo ankò si elèv yo vle revize travay yo.

Pou elèv ki ap pase tès ak yon fòma an bray, siveyan nou an ap di:

> Tès an bray lan divize an plizyè liv. Yo ap ba ou 1 liv alafwa. Nan tout tès lan, chak kesyon separe ak lòt avèk yon liy. Chak kesyon kòmanse nan selil 1, ak "runovers" yo ki kòmanse nan selil 5. Chak chwa repons kòmanse nan selil 3, ak "runovers" yo ki kòmanse nan selil 5.
>
> Bray lan se an Unified English Braille (UEB) (Bray Anglè ki Inifye). Seksyon Matematik yo an Nemeth Code (Kòd Nemeth) sof si ou gen otorizasyon pou w pase tès la sou Papye Bray - UEB with Technical Math (UEB avèk Matematik Teknik). Liv an bray pou referans matematik lan gen ladan l fòmil matematik ak enstriksyon pou itilizasyon ak tout seksyon matematik yo. Tès ou an gen ladan l desen ki gen liy ki monte pou koub ak chema yo ki sèvi nan tès lan.

4 Prepare pou Tès

Seksyon Lekti ak Ekriti ak seksyon Matematik lan gen yo chak lan 2 modil ki kwonometre endividyèlman. Mwen ap afiche lè kòmanse ak fen yo pou chak modil ki kwonometre la *[siveyan ou an ap montre kote enfòmasyon sa a ap afiche]*, e mwen ap anonse lè gen 5 minit ki rete nan chak modil.

Mwen ap mache nan sal lan detanzantan pou asire tout moun ap travay sou bon modil lan. Pou tès sa a, ou ka travay sèlman sou 1 modil alafwa. Sa gendwa diferan ak sa nou te abitye, kidonk asire nou pa avanse oswa tounen nan liv tès lan, menm si nou fini modil aktyèl lan.

Yon fwa tès lan fini, tanpri rete chita epi pa kite sal lan jouk mwen ranvwaye nou. Si ou gen nenpòt kesyon final, ou gendwa poze yo kounya. Si ou bezwen èd oswa papye bwouyon anplis nenpòt ki moman, leve men w epi m ap vin kote w. Sonje pou ekri nonkonplè ou sou fèy bwouyon anplis lan. Èske gen moun ki gen kesyon?

Mwen ap ba nou liv tès nou an kounya. Poko ouvri l.

Gade tradiksyon kouvèti ki nan do liv tès ou an, apre seksyon sa a.

Ale nan do liv tès ou an epi ekri siyati ou, prenon ou, ak dezyèm prenon ou, si ou gen youn. Nou ka jwenn non lekòl lan, kòd lekòl College Board lan ak nimewo sal lan ekri sou tablo an. Lè nou fini etap sa a, tanpri depoze kreyon an epi voye zye anlè gade m.

Kounywa mwen pral distribye yon kopi *Paper Test Taker Administration Instructions* bay chak grenn nan nou.

Tès ou pral pase an se yon fòma papye PSAT 10 nimerik la. Lè elèv yo fini konfigirasyon egzamen an nan Bluebook, aplikasyon tès nimerik lan, yo wè epi reponn enfòmasyon ki enpòtan. Livrè mwen te ban nou an genyen menm enfòmasyon yo.

Louvri livrè ou a nan paj 3 epi li anba **“Student Starts Here.” ("Elèv la Kòmanse La.")**. Suiv enstriksyon yo, ki gen ladan yo ranplisaj kèk enfòmasyon ki sou paj kouvèti an. Nou ka jwenn nimewo enskripsyon nou an sou biyè koneksyon nou an. Leve men ou si ou bezwen èd pou jwenn tout enfòmasyon ki obligatwa. Lè nou fini, depoze kreyon nou epi voye zye nou anlè gade m.

Kounya ou pral li epi konplete rès *Paper Test Taker Administration Instructions*. Li enpòtan pou li tout dokiman an ak atansyon. Dabò, ou ap li yon seksyon ki rele **Use of the Bluebook App (Itilizasyon Aplikasyon Bluebook lan)**. Seksyon sa a esplike fason repons nou yo ap transkri apati liv tès nou an nan aplikasyon Bluebook lan. Lè nou fin li epi koche kaz lan nan fen seksyon an pou montre ou dakò ak politik sa yo, depoze kreyon nou epi voye zye anlè gade m.

Ansuit, nou ap gen 15 minit pou li epi dakò ak règ pou pase tès pou egzamen sa a. Mwen ap ranvwaye nenpòt moun ki eseye brize règ yo, epi nòt yo ap anile. Yo gendwa anpeche yo tou pou pase tès College Board alavni.

Lè nou fin li règ tès yo epi koche kaz lan nan fen seksyon an pou montre nou dakò suiv règ sa yo, kontinye li **Privacy Statement (Deklarasyon sou Vi Prive)** pou konprann kijan College Board mete vi prive nou anpremye. Lè ou rive nan fen seksyon **Deklarasyon sou Vi Prive** a, tanpri sispann li, depoze kreyon ou an, epi gade m.

Kounya ou pral li kèk kontni opsyonèl sou pwogram ak sèvis College Board. Lè ou rive nan seksyon ki pote tit **Digital Test Security (Sekirite Tès Nimerik)** nan dènye paj la, tanpri sispann li epi gade m.

Nou prèske fini avèk *Paper Test Taker Administration Instructions*. Tanpri li rapèl lan osijè règ ki aplike ak tès sa a. Pou siyife kontra nou an ak règ sa yo, ekri angajman ak sekirite tès yo bay anba lis règ yo. Lè ou fini, tanpri depoze kreyon ou epi gade anlè.

Tanpri analize 4 enfòmasyon ki nan lis anba **Confirm Your Info on Your Test Book (Konfime Enfòmasyon Ou yo nan Liv Tès Ou an)**, apresa vire nan do liv tès ou an epi swa konfime enfòmasyon ou yo anrejistre ak presizyon ladan l oswa ajoute enfòmasyon ki kòrèk yo kounya. Apres, anlè non nou nan kouvèti do liv tès lan, ekri nimewo enskripsyon nou apati biyè koneksyon nou an. Enfòmasyon sa a pral ede College Board fè koresponn liv tès ak repons ou yo ak transkripsyon ou an. Lè ou fini, tanpri depoze kreyon ou epi gade anlè.

Mèsi dèske nou ranpli enfòmasyon sa a. Tanpri fèmen livrè ou an epi mete l anba biwo ou an.

4.1 Enstriksyon pou Kouvèti Do an

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon kouvèti do liv tès ou an. Lè yo ba w enstriksyon, ou ta dwe ekri sou liv tès ou an, pa sou dokiman sa a.

Non ou (nan karaktè enprimri) _____
SIYATI PRENON INISYAL DEZYÈM PRENON

Lekòl _____
NIMEWO LEKÒL NON LEKÒL LAN NIMEWO/NON SAL TÈS LAN

PSAT 10

ENTRIKSYON JENERAL

- Ou gendwa travay sèlman sou yon modil alafwa.
- Si ou fini yon modil anvan lè an rive, verifye travay ou an nan modil sa a sèlman. Ou PA ka tounen nan okenn lòt modil.

MAKE REPONS OU YO

- Asire w reponn kesyon ou yo kòmsadwa nan liv sa a.
- Ansèkle yon sèl grenn repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide ou, efase totalman sèk lan. Ou pa p jwenn kredi pou kesyon ki gen plis pase yon repons ki ansèkle, oswa pou kesyon ki pa gen repons ki ansèkle.

ITILIZE LIV TÈS OU AN

- Ou gendwa itilize liv tès lan pou travay bwouyon.
- Ou pa ka pliye oswa retire paj oswa pòsyon nan yon paj nan liv sa a, oswa soti ak liv lan nan sal tès lan.

SEKIRITE TÈS LAN

Ou lye ak règ ki suiv yo la pou tès jodi an.

- Ou pa ka bay oswa resevwa èd pandan tès lan. Ou pa ka pataje oswa pibliye anyen ki lye ak tès sa a.
- Repons ou yo dwe se pa w nan tout entegralite yo. College Board pral revize repons ou yo.
- Si ou tante pran poul, nòt ou yo ap anile, biwo admisyon nan fakilte yo gendwa enfòme, e ou ap diskalifye pou pran nenpòt egzamen AP®, SAT®, oswa CLEP®.

AKÈ ELÈV YO

Pou tès ou an note, ou dwe li deklarasyon ki suiv lan, koche akote “I agree” (“Mwen dakò”) epi siyen non ou.

Mwen se moun ki sipoze pase tès sa a. Mwen dakò suiv règ ki anwo yo epi konprann sa k pral rive si mwen brize yo.

☐ Mwen dakò

Siyati m:_____

Lide ki nan pasaj yo pou tès sa a, yo pran kèk ladan yo kòm ekstrè oswa yo adapte yo apati dokiman ki pibliye, pa nesesèman reprezante opinyon College Board.

PA OUVRI LIV SA A JOUK SIVEYAN AN DI OU FÈ SA.

5 Modil 1: Lekti ak Redaksyon

Nou ap kòmanse teste ak premye modil seksyon Lekti ak Redaksyon an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen ___ minit pou travay sou Modil 1 an. Mwen ap afiche lè demaraj ak arè yo, e mwen ap enfòme nou lè rete 5 minit.

REFERANS POU TAN MODIL

Pou Tan Estanda ak Tan Estanda avèk Poz Anplis: 39 minit

Pou Inè Edmi: 59 minit

Pou Tan Doub: 78 minit

Kenbe liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Ou gendwa itilize liv tès ou an pou travay bwouyon men asire w ou byen ansèkle 1 grenn repons sèlman.

Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil nan tès lan. Si nou pare pou avanse, tanpri depoze kreyon nou epi gade anlè, men pa bouje jouk mwen di nou.

Kounya, ouvri tès ou an nan premye modil lan nan seksyon Lekti ak Redaksyon an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Bòn chans, tout moun.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

Pandan Modil la

Lè gen 5 minit ki rete, siveyan nou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 1 an.

Lè lè an ekspire, siveyan nou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

5.1 Enstriksyon pou Modil 1 Lekti ak Redaksyon an

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo nan liv tès ou an pou Modil 1 Lekti ak Redaksyon an.
33 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans nan lekti ak redaksyon ki enpòtan. Chak kesyon gen ladan l youn oswa plis pasaj, sa ki gendwa gen ladan l yon tablo swa yon chema. Li chak pasaj ak kesyon ak atansyon, epi apresa chwazi pi bon repons lan ak kesyon an sou baz pasaj lan.

Tout kesyon yo nan seksyon sa a se chwa miltip ak kat chwa repons. Chak kesyon gen yon grenn pi bon repons.

5.2 Pou Elèv Ki Gen Plis Poz oswa Plis Tan

Seksyon sa a aplike **sèlman** pou elèv ki gen plis poz oswa plis tan. Siveyan ou an pral sèlman li enstriksyon ki aplike pou sal tès ou an. Si enstriksyon sa yo pa aplike pou sal tès ou an, siveyan ou an pral kontinye nan Modil 2 a.

Pou elèv ki gen plis poz oswa plis tan, siveyan ou an ap di:

> Fèmen liv tès ou an epi kite l sou biwo ou an. Nou ap kanpe kounya pou yon poz anvan pwochen modil la. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:
> - Pa diskite sou kesyon tès yo ak pèsòn oswa aksede ak okenn aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa tout lòt poz pandan tès lan.
> - Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
> - Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
> - Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Pou elèv ki gen plis poz OSWA plis tan, siveyan ou an ap di:

> Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 5 minit.

Pou elèv ki gen tan pwolonje AK plis poz, siveyan ou an ap di:

> Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Poz Tès

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

> Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tès lan jouk mwen di nou fè sa.

6 Modil 2: Lekti ak Redaksyon

Nou pral kontinye teste ak dezyèm modil seksyon Lekti ak Redaksyon an. Yon fwa nou demare, ou ap gen ____ minit pou travay sou Modil 2 an. Mwen ap afiche lè demaraj ak arè yo, e mwen ap enfòme nou lè rete 5 minit.

REFERANS POU TAN MODIL

Pou Tan Estanda ak Tan Estanda avèk Poz Anplis: 39 minit

Pou Inè Edmi: 59 minit

Pou Tan Doub: 78 minit

Kenbe liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Nou gendwa itilize liv tès nou an pou travay bwouyon men asire n nou byen ansèkle 1 grenn repons sèlman.

Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil nan tès lan. Si nou pare pou avanse, tanpri depoze kreyon nou epi gade anlè, men pa bouje jouk mwen di nou.

Kounya, ouvri liv tès ou an nan dezyèm modil lan nan seksyon Lekti ak Redaksyon an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

Pandan Modil la

Lè gen 5 minit ki rete, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 2 an.

Lè lè an ekspire, siveyan nou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

6.1 Enstriksyon pou Modil 2 Lekti ak Redaksyon an

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo nan liv tès ou an pou Modil 2 Lekti ak Redaksyon an.
33 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans nan lekti ak redaksyon ki enpòtan. Chak kesyon gen ladan l youn oswa plis pasaj, sa ki gendwa gen ladan l yon tablo swa yon chema. Li chak pasaj ak kesyon ak atansyon, epi apresa chwazi pi bon repons lan ak kesyon an sou baz pasaj lan.

Tout kesyon yo nan seksyon sa a se chwa miltip ak kat chwa repons. Chak kesyon gen yon grenn pi bon repons.

7 Poz nan Seksyon an

Nou ap tann yon poz kounya anvan nou kòmanse pwochen seksyon an. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:

- Pa diskite sou kesyon tès yo ak pèsòn oswa aksede ak okenn aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa tout lòt poz pandan tès lan.
- Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
- Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
- Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Pou elèv k ap pase tès ak lè estanda, siveyan nou an ap di:

Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Pou elèv ki gen poz pwolonje oswa elèv ki kalifye pou poz nitrisyon, siveyan nou an ap di:

Nou pral kòmanse tès la ankò nan egzakteman 20 minit.

Poz Tès

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tès lan jouk mwen di nou fè sa.

8 Modil 1: Matematik

Nou ap kontinye teste ak premye modil seksyon matematik lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen ___ minit pou travay sou Modil 1 an. Mwen ap afiche lè demaraj ak arè yo, e mwen ap enfòme nou lè rete 5 minit.

REFERANS POU TAN MODIL

Pou Tan Estanda ak Tan Estanda avèk Poz Anplis: 43 minit

Pou Inè Edmi: 65 minit

Pou Tan Doub: 86 minit

Sonje swiv gid sa yo:

- Kenbe liv tès ak kalkilatris nou kouche plat sou biwo nou. Nou gendwa itilize liv tès nou an pou travay bwouyon men asire n nou byen ansèkle 1 grenn repons sèlman.
- Pa pataje oswa chanje kalkilatris ou an.
- Si ou gen yon kalkilatris oswa pil pou ijans, kite yo atè an anba biwo ou an.
- Si kalkilatris ou an ap bay pwoblèm epi ou gen pil oswa yon kalkilatris pou ranplasman, leve men ou. Mwen pral vin asiste ou. Si ou pa gen yon kalkilatris pou ijans, kontinye tès lan epi fè tout sa ou ka fè.
- Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil nan tès lan. Si nou pare pou avanse, tanpri depoze kreyon nou epi gade anlè, men pa bouje jouk mwen di nou.
- Kounya, ouvri liv tès ou an nan premye modil lan nan seksyon matematik lan. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

Pandan Modil lan

Lè gen 5 minit ki rete, siveyan nou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 1 an.

Lè lè an ekspire, siveyan nou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

8.1 Enstriksyon pou Modil 1 nan Matematik lan

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo ki nan liv tès ou an pou Modil 1 nan Matematik lan.
27 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans ki enpòtan nan matematik.

Itilizasyon yon kalkilatris otorize pou tout kesyon yo.

NÒT

Amwenske yo endike l yon lòt jan:

- Tout varyab ak ekspresyon yo reprezante nonb reyèl.
- Chema yo bay yo desinen sou yon echèl.
- Tout chema yo chita sou yon plan.
- Domèn yon fonksyon kèlkonk *f* se seri tout nonb reyèl *x* kote *f*(*x*) se yon nonb reyèl.

REFERANS



$A = \pi r^2$
$C = 2\pi r$

$A = lw$

$A = \frac{1}{2}bh$

$c^2 = a^2 + b^2$

Triyang Rektang Espesyal



$V = lwh$

$V = \pi r^2 h$

$V = \frac{4}{3}\pi r^3$

$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$

$V = \frac{1}{3}lwh$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.
Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π.
Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

Pou kesyon chwa miltip yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki kòrèk lan apati chwa yo bay yo, epi apresa ansèkle repons ou an nan liv sa a. Ansèkle yon sèl grenn repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide, efase totalman sèk lan. Ou pa p jwenn kredi pou kesyon ki gen plis pase yon sèl repons ki ansèkle oswa pou kesyon ki pa gen okenn repons ki ansèkle.

Pou kesyon ak repons elèv yo pwodui, rezoud chak pwoblèm epi ekri repons ou an akote oswa anba kesyon an nan liv tès lan jan sa dekri anba a.

- Yon fwa ou ekri repons ou an, ansèkle l byen klè. Ou pa p resevwa kredi pou okenn bagay ki ekri andeyò sèk lan, oswa pou nenpòt kesyon ak plis pase yon repons ki ansèkle.
- Si ou jwenn **plis pase yon repons kòrèk**, ekri epi ansèkle yon repons sèlman.
- Repons ou an ka gen jiska 5 karaktè pou yon repons **pozitif** epi jiska 6 karaktè (ansanm ak siy negatif lan) pou yon repons **negatif**, men pa plis.
- Si repons ou an se yon **fraksyon** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitif, 6 karaktè pou negatif), ekri ekivalan desimal lan.
- Si repons ou an se yon **desimal** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitifi, 6 karaktè pou negatif), twonke l oswa awondi l nan katriyèm chif lan.
- Si repons ou an se yon **nonb melanje** (tankou 3½), ekri l antanke yon move fraksyon (7/2) oswa ekivalan desimal li an (3.5).
- Pa mete ladan l **senbòl** tankou yon siy pousantaj, vigil, oswa siy dola nan repons ki ansèkle ou an.

8.2 Pou Elèv Ki Gen Plis Poz oswa Plis Tan

Seksyon sa a aplike **sèlman** pou elèv ki gen plis poz oswa plis tan. Siveyan ou an pral sèlman li enstriksyon ki aplike pou sal tès ou an. Si enstriksyon sa yo pa aplike pou sal tès ou an, siveyan ou an pral kontinye nan Modil 2 a.

Pou elèv ki gen plis poz oswa plis tan, siveyan ou an ap di:

> Fèmen liv tès ou an epi kite l sou biwo ou an. Nou ap kanpe kounya pou yon poz anvan pwochen modil la. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:
> - Pa diskite sou kesyon tès yo ak pèsòn oswa aksede ak okenn aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa tout lòt poz pandan tès lan.
> - Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
> - Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
> - Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Pou elèv ki gen plis poz OSWA plis tan, siveyan ou an ap di:

> Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 5 minit.

Pou elèv ki gen tan pwolonje AK plis poz, siveyan ou an ap di:

> Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Poz Tès

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

> Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tès lan jouk mwen di nou fè sa.

9 Modil 2: Matematik

Nou ap kontinye teste ak dezyèm modil seksyon matematik lan. Yon fwa nou demare, nou ap gen ___ minit pou travay sou Modil 2 an. Mwen ap afiche lè demaraj ak arè yo, e mwen ap enfòme nou lè rete 5 minit.

REFERANS POU TAN MODIL

Pou Tan Estanda ak Tan Estanda avèk Poz Anplis: 43 minit

Pou Inè Edmi: 65 minit

Pou Tan Doub: 86 minit

Kenbe liv tès ak kalkilatris nou kouche plat sou biwo nou. Nou gendwa itilize liv tès nou an pou travay bwouyon men asire n nou byen ansèkle 1 grenn repons sèlman. Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil nan tès lan. Si nou pare pou avanse, tanpri depoze kreyon nou epi gade anlè, men pa bouje jouk mwen di nou.

Kounya, ouvri liv tès ou an nan dezyèm modil lan nan seksyon matematik lan. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

Pandan Modil lan

Lè gen 5 minit ki rete, siveyan nou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 2 an.

Lè lè an ekspire, siveyan nou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Kounya, tanpri fèmen liv tès nou epi kite l sou biwo nou.

9.1 Enstriksyon pou Modil 2 nan Matematik

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo ki nan liv tès ou an pou Modil 2 nan Matematik lan.
27 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans ki enpòtan nan matematik.

Itilizasyon yon kalkilatris otorize pou tout kesyon yo.

NÒT

Amwenske yo endike l yon lòt jan:

- Tout varyab ak ekspresyon yo reprezante nonb reyèl.
- Chema yo bay yo desinen sou yon echèl.
- Tout chema yo chita sou yon plan.
- Domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x kote $f(x)$ se yon nonb reyèl.

REFERANS



$A = \pi r^2$
$C = 2\pi r$

$A = l\,w$

$A = \frac{1}{2}bh$

$c^2 = a^2 + b^2$

Triyang Rektang Espesyal



$V = l\,wh$

$V = \pi r^2 h$

$V = \frac{4}{3}\pi r^3$

$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$

$V = \frac{1}{3}l\,wh$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π.

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

Pou kesyon chwa miltip yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki kòrèk lan apati chwa yo bay yo, epi apresa ansèkle repons ou an nan liv sa a. Ansèkle yon sèl grenn repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide, efase totalman sèk lan. Ou pa p jwenn kredi pou kesyon ki gen plis pase yon sèl repons ki ansèkle oswa pou kesyon ki pa gen okenn repons ki ansèkle.

Pou kesyon ak repons elèv yo pwodui, rezoud chak pwoblèm epi ekri repons ou an akote oswa anba kesyon an nan liv tès lan jan sa dekri anba a.

- Yon fwa ou ekri repons ou an, ansèkle l byen klè. Ou pa p resevwa kredi pou okenn bagay ki ekri andeyò sèk lan, oswa pou nenpòt kesyon ak plis pase yon repons ki ansèkle.
- Si ou jwenn **plis pase yon repons kòrèk**, ekri epi ansèkle yon repons sèlman.
- Repons ou an ka gen jiska 5 karaktè pou yon repons **pozitif** epi jiska 6 karaktè (ansanm ak siy negatif lan) pou yon repons **negatif**, men pa plis.
- Si repons ou an se yon **fraksyon** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitif, 6 karaktè pou negatif), ekri ekivalan desimal lan.
- Si repons ou an se yon **desimal** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitifi, 6 karaktè pou negatif), twonke l oswa awondi l nan katriyèm chif lan.
- Si repons ou an se yon **nonb melanje** (tankou 3½), ekri l antanke yon move fraksyon (7/2) oswa ekivalan desimal li an (3.5).
- Pa mete ladan l **senbòl** tankou yon siy pousantaj, vigil, oswa siy dola nan repons ki ansèkle ou an.

10 Ranvwa

Anvan ranvwa, siveyan ou an pral di:

> Felisitasyon! Nou finiPSAT 10. Jis akoz nou la jodi an epi nou fini tès lan se yon gwo akonplisman. Tanpri chita san fè bri pandan m ap ranmase epi konte dokiman tès nou yo.

Apre li fin konte tout dokiman yo, siveyan ou an pral di:

> Sonje, lè ou soumèt repons ou yo, ou dakò ou pa p soti ak okenn kesyon tès lan nan sal klas tès lan, bay okenn moun yo l, oswa diskite sou yo ak okenn moun nan imèl, mesaj tèks, sou entènèt oswa nenpòt ki lòt fason. Sa ede asire tout elèv yo gen yon eksperyans tès ki jis epi egal. Si ou te wè nenpòt bagay jodi an ki ba w enkyetid, vini epi pale avè m anvan ou ale.
>
> Jan mwen te di l nan kòmansman tès lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik ki lye ak sekirite tès lan, nòt yo ap anile e yo gendwa anpeche yo pase lòt tès College Board alavni.
>
> Tanpri ret tann nan syèj ou an jouk mwen ranvwaye w. Nan pwen sa a, ou gendwa rasanble afè ou yo epi vin ranmase nenpòt bagay ou te remèt anvan tès lan. Pandan ou ap soti, tanpri konsidere moun ki toujou ap travay nan lòt sal yo. Si nou vle konnen kijan pou anile nòt nou yo, mwen ka ede nou anvan nou deplase.
>
> Ankò, felisitasyon pou travay difisil ou an jodi an.

Siveyan ou an ap ranmase livrè sa a nan men ou anvan ou ale.